

ABSTRAK

Novi Apriandini. 2017. Analisis Siklus Reproduksi Penyu Hijau (*Chelonia mydas*) di Pantai Sindangkerta Kecamatan Cipatujah, Kabupaten Tasikmalaya. Dibimbing Ku Dra. Hj.Lilis Suhaerah, M.Kes., Nu janten Pembimbing I dan Drs. Suhara, M.Pd., Nu janten Pembimbing II.

Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun mikanyaho siklus réproduksi penyu héjo (*Chelonia mydas*) di Pantai Sindangkerta Kecamatan Cipatujah Kabupaten Tasikmalaya. Ieu panalungtikan dilaksanakeun dina bulan Méi 2017. Métode panalungtikan anu digunakeun nya éta métode survéi déskriptif. Desain panalungtikan anu dilakukeun dina ieu panalungtikan nya éta ngagunakeun métode survéi jeung wawancara ngeunaan siklus réproduksi penyu héjo (*Chelonia mydas*). Lokasi panalungtikan dilakukeun di kawasan Pantai Sindangkerta, di tempat panangkaran penyu anu aya di Kecamatan Cipatujah Kabupaten Tasikmalaya Jawa Barat. Data dipaluruh langsung ti BKSDA (Balai Konservasi Sumber Daya Alam) Tegal Sereh anu mangrupa data primér jeung data sékundér. Hasil panalungtikan nunjukkeun siklus réproduksi salila pérode 5 taun anu ngalaman *flukuasi*. Jumlah endog penyu héjo (*Chelonia mydas*) anu megar jeung jumlah endog penyu héjo (*Chelonia mydas*) anu teu megar dina rentang taun 2012 nepi ka 2016. Jumlah nu panggedéna endog penyu héjo (*Chelonia mydas*) anu megar aya dina taun 2016 nu jumlahna 667 endog anu megar, sedengkeun jumlah nu pangsaetikna endog penyu héjo (*Chelonia mydas*) nu megar aya dina taun 2012 nu jumlahna 81 endog. Jumlah anu panggedéna endog penyu héjo (*Chelonia mydas*) dina taun 2015 nu teu megar lobana 3591 endog, sedengkeun dina taun 2012 jumlah endog nu pangsaetikna anu teu megar jumlahna 616 endog, faktor anu mangaruhan prosés réproduksi atawa prosés *peneluran* penyu héjo (*Chelonia mydas*) di antarana nya éta suhu anu rata-ratana 29°C, kandungan cai dina jero keusik rata-rata 19%, kelembapan pasir 2,5%, topografi pantai 33°, dan vegetasi di sabundereun sarang.

Kecap Galeuh: Penyu Héjo, *Chelonia mydas*, Réproduksi, Pantai Sindangkerta, Survéi Déskriptif